



Repiblik Aviti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)

AVI REKRITMAN DIREKTÈ SYANTIFIK

Akademi Kreyòl Ayisyen se yon Enstitisyon Leta endepandan. Misyon li se travay pou kore devlopman Lang ak Kilti Kreyòl la nan sosyete a. Li vle fè tout moun sa ka enterese konnen, li gen yon pòs DIREKTÈ SYANTIFIK ki disponib.

KALIFIKASYON

Direktè syantifik la dwe:

- gen nasyonalite ayisyen (fi oswa gason) ;
- gen yon doktora nan yon domèn Syans sosyal oswa li ap prepare tèz doktora li ;
- oswa gen diplòm metriz ak 3 lane esperyans ;
- gen esperyans nan rechèch / pwòjè rechèch / nan yon pòs direksyon ;
- demontre enterè li genyen pou lang kreyòl ;
- montre kapasite pou li prepare pwodiksyon teknik an kreyòl;
- montre kapasite li nan lang franse, konnen lang anglè oswa panyòl se yon avantaj;
- disponib pou patisipe nan misyon an pwovens.

Pou kandida a jwenn enfòmasyon sou travay ak kalite Direktè syantifik la, li kapab vizite sit Akademi an : www.akademikreyol.net nan ribrik *dokiman*, ansanm ak paj Facebook li: facebook.com/akademi.kreyol

Pou plis enfòmasyon telefòn : 3333-0815/17 * 2817-5964/65.

Vandredi 20 jiyè 2018, se dat limit pou kandida a depoze dosye li (CV, kopi diplòm, atestasyon, lèt motivasyon, foto) nan biwo AKA (6, ri Marguerites, Turgeau) oubyen voye l sou imel enfomasyon@akademikreyol.net



DESKRIPSYON TRAVAY AK RESPONSABLITE DIREKTÈ SYANTIFIK LA

Tit pòs la : Direktè Syantifik

Moun ki sou tèt li : Sekretè Egzekitif la

Kote li afekte : Direksyon Syantifik

Direktè syantifik la gen reponsablite jesyon direksyon syantifik la ak pwogram rechèch nan Akademi an.

Prensipal misyon Direktè syantifik la genyen :

- asiste Sekretè Egzekitif la nan òganizasyon travay Akademi Kreyòl Ayisyen an ;
- asire sipèvizyon travay tout anplwaye ki nan Direksyon Syantifik lan ;
- òganize reyinyon peryodik pou vansman travay Direksyon Syantifik lan ;
- ekri epi sipèvize pwojè rechèch pou AKA ;
- prepare pwotokòl ak prensip rechèch yo;
- kondui pwojè rechèch yo epi fè demach ki nesèsè pou reyalizasyon yo ;
- asire suivi travay ekip rechèch yo;
- prepare kalandriye travay responsab pwojè yo ak konsiltan nan Direksyon syantifik la;
- prepare pwogram operasyonèl direksyon an pou ane fiskal la ;
- kowòdone pwodiksyon ak piblikasyon revyèl syantifik Akademi an;
- prepare ak Direksyon Administratif la bidjè aktivite direksyon syantifik la;
- patisipe nan tout lòt aktivite ki gen rapò ak aktivite Akademi an ;
- Kowòdone pwodiksyon rapò anyèl direksyon syantifik la.

Kalite Direktè a dwe genyen:

- kapasite pou li pwodui an kreyòl, an franse (anglè oswa panyòl se yon atou) ;
- enterè li pou lang kreyòl ;
- dispozisyon pou li respète prensip administratif ak etik pwofesyonèl ;
- bonjan kapasite pou li kominike epi pou li devlope bon relasyon ak moun ;
- sans responsablite ;
- disponiblite pou li patisipe nan aktivite ki ap fèt an deyò lè biwo ;
- disponiblite pou li patisipe nan misyon ki ap fèt an deyò Pòtoprens ;
- kapasite pou li travay nan plizyè domèn (polivalan) ;
- espri kreyatif ;
- kapasite pou li pran inisyativ ;
- anpil rigè, pou li renmen epi egzije travay ki byen fèt.